

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif. Pamarekan kualitatif mangrupa salah sahiji pamarekan nu ngahasilkeun data déskriptif saperti kekecapan sacara tinulis atawa lisan ngeunaan manusa jeung laku lampah nu bisa ditarima ku akal séhat manusa nepi ka meunangkeun bebeneran. Fakta/bebeneran dina pamarekan kualitatif gumantung kana cara panalungtik ngainterprétasi data. Ieu hal disababkeun ayana hal-hal kompléks nu teu bisa dijelaskeun ku angka, saperti rasa manusa. Arikunto (2006, kc. 13) nyebutkeun yén ciri-ciri panalungtikan panalungtikan kualitatif téh nyaéta ieu di handap.

- 1) Desain panalungtikan kualitatif sifatna umum, fléksibel, jeung dinamis.
- 2) Langkah panalungtikanna bisa dipikanyaho sacara jelas sanggeus panalungtikan réngsé.
- 3) Teu bisa ngagunakeun populasi jeung sampel.
- 4) Hasil panalungtikanna miboga sipat nembrak.
- 5) Analisis data dilakukeun sacara babarengan jeung ngumpulkeun data.

Suyatna, 2002, kc. 14, ngécéskeun yén métode panalungtikan deskriptif mangrupa panalungtikan nu dijerna ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, teu ngagunakeun uji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu ngahasilkeun ma'na implikasi. Sanggeus dideskripsikeun satuluyna dianalisis kalayan ngagunakeun interprétasi jeung pamahaman nu jero. Tékhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tékhnik dokuméntasi.

Desain panalungtikan penting pisan ayana dina hiji panalungtikan, sabab desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik nepi ka bisa ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah. Desain panalungtikan kagambar ku prosés-prosés nu akhirna meunangkeun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon lengkepna desain panalungtikan ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap.

### Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



Ai Jamilah, 2019

AJEN-INAJEN BUDAYA DINA BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
PAKEMAN BASA DI SMP (Ulukan Semantik jeung Etnologi)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2 Sumber Data

Arikunto, (2006, kc. 129), nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta: jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

1. Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa mere data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angket;
2. Tempat (*place*), nyaéta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objek pikeun métode observasi.
3. Kertas atawa dokumen (*paper*), nyaéta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokumentasi.

Saupama nilik kana pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta data tina kertas atawa dokumén (*paper*).

Nu jadi sumber data dina panalungtikan ngan dua buku nyaéta buku kumpulan *Saratus Paribasa jeung Babasan* karangan Mas Natawisastra nu dipedalkeun dina taun 1979 nu kandelna 64 kaca nu mangrupa wawakil tina kumpulan babasan jeung paribasa taun 1900-an jeung *Paribasa* karangan Ajip Rosidi taun 2010 nu dipedalkeun ku Kiblat Buku Utama salaku tambahan tina buku kumpulan paribasa saméméhna nu kandelna 187 kaca jeung mangrupa buku kumpulan babasan paribasa nu jadi n/wawakil taun 2000-an.

Buku *Saratus Paribasa jeung Babasan* karangan Mas Natawisastra jeung kumpulan *Babasan jeung Paribasa* karangan Ajip Rosidi mangrupa buku kumpulan babasan jeung paribasa anu leubeut pisan ajén-inajénna boh tina jihat basa, budaya, étika atawa moralna. Salian ti miboga kualitas éta, dina segi kuantitas ieu dua buku kumpulan babasan jeung paribasa ogé loba jumlahna pikeun ngawakilan buku kumpulan babasan jeung paribasa séjénna. Jumlah babasan jeung paribasa nu ditalungtik nya éta 864, 604 babasan jeung 260 paribasa. Sumber data ogé dideudeulan ku buku-buku liana anu ngarojong kana ieu panalungtikan saperti kamus-kamus basa Sunda saperti buku *Pakeman Basa Sunda Ulikan Idiomatik Sunda*, Kamus Umum Basa Sunda, Kamus Satjadibrata, jeung Kamus Danadibrata.

**Ai Jamilah, 2019**

*AJEN-INAJEN BUDAYA DINA BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN*

*PAKEMAN BASA DI SMP (Ulikan Semantik jeung Etnologi)*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Di handap mangrupa gambar cover buku nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan.



**Gambar 3.1**

Jilid buku Saratus Paribasa jeung Babasan



**Gambar 3.2**

Jilid buku Babasan & Paribasa  
Kabeungharan Basa Sunda

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi dipaké pikeun maluruh ma'na jeung maksud dina babasan jeung paribasa katut ajén-inajén budaya nu aya dina éta babasan jeung paribasa. Data nu kakumpul mangrupa data nu luyu jeung ngarojong kana tujuan nu hayang dihontal. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

1. Nangtukeun buku babasan jeung paribasa nu dijadikeun sumber data.
2. Maca buku babasan jeung paribasa nu dijadikeun sumber data.
3. Nyirian babasan jeung paribasa nu ngandung ajén budaya.
4. Nyalin babasan jeung paribasa kana kartu data.
5. Masing-masingkeun data mana nu kaasup babasan jeung mana nu kaasup paribasa kalayan alfabetis.
6. Ngalakukeun pengkodean data.
7. Nyatetkeun harti babasan jeung paribasa nu ditalungtik.

**Ai Jamilah, 2019**

*AJEN-INAJEN BUDAYA DINA BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
PAKEMAN BASA DI SMP (Ulukan Semantik jeung Etnologi)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

#### 3.4.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén panalungtikan téh nyaéta alat/fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta dokuméntasi kartu data nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya. Éta kartu data ngawengku data nu ditalungtik, sumber data, ma'na jeung maksud éta babasan jeung paribasa, jeung ajén budaya dina éta babasan jeung paribasa. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

#### Instrumén Pangumpul Data

A. Adéan ku kuda beureum (BPAj/93/P01)

Ma'na:

Agul gumagah ku papakéan beunang nginjeum, dilarapkeun ka jalma anu umangkeuh beunghar ku barang atawa kakayaan injeuman, lain milikna pribadi.

Maksud:

Pituah, maksudna yén jadi jalma mah ulah hayang katanggar atawa kapuji ku barang batur. Ngakuna beunghar tapi teu boga.

Ajén Budaya:

Hakékat Hirup Manusa (MH): Kabiasaan hirup nu goréng, hayang kapuji ku batur.

#### 3.4.2 Instrumén Pangolah Data

Sanggeus data kakumpul, satuluyna panalungtik ngamimitian ngolah data dumasar maksud tina babasan jeung paribasa (piluangeun, parentah, jeung pituah) jeung ajén budaya nu aya dina éta babasan jeung paribasa (hakékat hirup manusa, hakékat karya manusa, sawangan manusa ngeunaan waktu, sawangan manusa kana alam, jeung hakékat hubungan manusa jeung sasama). Di handap mangrupa gambaran kartu data pikeun ngolah data.

### Instrumén Pangolah Data

| No. | Babasan    | Paribasa | Kode data           | Ulikan Semantik<br>(ma'na disawang tina maksud) |        |        | Ulikan Étnologi (Ajén budaya) |    |    |    |    |  |
|-----|------------|----------|---------------------|---|--------|--------|-------------------------------|----|----|----|----|--|
|     |            |          |                     | Pl (a)  | Pr (b) | Pt (c) | MH                            | MK | MW | MA | MM |  |
| 1.  | Ajak gatra |          | BPA<br>j/56/<br>B02 |   |        | √      | √                             |    |    |    |    |  |

Keterangan: Pl: Piluangeun  
Pr: Paréntah  
Pt: Pituah  
MH: Hakékat Hirup Manusa  
MK: Hakékat Karya Manusa  
MW: Sawangan manusa ngeunaan waktu  
MA: Sawangan manusa ka alam  
MM: Hakékat antara hubungan manusa jeung sasama.

### 3.5 Analisis Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah séjén nu perelu dilakukeun nyaéta kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu digunakeun nyaéta téhnik analisis unsur langsung pikeun nganalisis kalimah dina babasan jeung paribasa nepi ka unsur-unsur anu leuwih leutik jeung téhnik hermeunitik pikeun napsirkeun ajén-inajén budaya nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda. Téhnik analisis unsur langsung jeung téhnik hermeunitik ieu langsung ngulik teks nu jadi objék panalungtikan, ku kituna ieu panalungtikan ogé ngagunakeun téhnik analisis tékstual. Nurutkeun Ida (2016, kc. 64) analisis tékstual mangrupa métodologi dina tradisi panalungtikan studi media jeung budaya pikeun nganalisis téks nu dijerona ngandung tanda-tanda nu miboga ma'na. Ricoeur (1976, kc. 19) dina Srihilmawati, R. (2019, kc.40) nyebutkeun yén kagiatan hermeneutik miboga léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

1. Léngkah maham,
2. Léngkah ngadadarkeun,
3. Léngkah ngajelaskeun, jeung

**Ai Jamilah, 2019**

*AJEN-INAJEN BUDAYA DINA BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAKEMAN BASA DI SMP (Ulikan Semantik jeung Etnologi)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Léngkah napsirkeun.

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

1. Niténan deui data-data babasan jeung paribasa nu geus kakumpulkeun.
2. Nyieun papasingan data babasan jeung paribasa dumasar kana wanda pakeman basa, maksud babasan jeung paribasa (piluangeun, paréntah, jeung pituah), jeung ajén budaya nu nyampak dina babasan jeung paribasa (MH: Hakékat Hirup Manusa, MK: Hakékat Karya Manusa, MW: Sawangan manusa ngeunaan waktu, MA: Sawangan manusa ka alam, jeung MM: Hakékat antara hubungan manusa jeung sasama).
3. Nganalisis data dumasar kana maksud jeung ajén budaya.
4. Ngadéskripsikeun data dumasar dumasar kana maksud jeung ajén budaya.
5. Nyusun bahan ajar bahasan pakeman basa pikeun murid SMP kelas IX.
6. Nyusun tafsiran jeung kacindekan panalungtikan.